

# DÉZIÈM PATI

## Sélébrasion mistè krétyin-an

### PRÉMIÉ SÉKSION

## Prinsip ki réglé sakréman-yo (Ékonomi sakramantèl)

1076 Jou Pantkot-la, palintèmediè Éspri-Sin-an ki vidé-a, l'Égliz-la vîn manifesté sou tè-a (cf. SC 6 ; LG 2). Kado Éspri-a inogiré yon tan nouvo nan « òrganizasion distribision mistè-a » : tan l'Égliz-la, koté pandan tan sa-a Kris-la manifesté travay sovè li-a palintèmediè litiji l'Égliz li-a, antan-l fè-l prézan épi li kominiké-l « joutan li vini » (1 Co 11, 26).  
739 Pandan tan l'Égliz sa-a, Kris-la viv épi aji déja nan l'Égliz li-a épi avèk li yon fason nouvo ki pròp pou nouvo tan sa-a. L-ap aji palintèmediè sakréman-yo ; sé sa tradision ki komin pou Orian-an ak Oksidan-an rélé « Dispozision òrganizasion sakréman-yo » (Économie sacramentelle) ; li fèt nan kominikasyon (oubyin « distribision ») frui mistè Pak Kris-la nan sélébrasion litiji « sakramantèl » l'Égliz-la.

Sé poutèt sa yo doué montré toudabò « dispozision òrganizasion sakramantèl » sa-a (*prémié chapit*). Konsa natu ak aspè ésansiyèl sélébrasion litijik-yo ap parèt pi klè (*dézièm chapit*).

---

#### PRÉMIÉ CHAPIT

## Mistè Paskal-la nan tan l'Égliz-la

---

#### ATIK 1

### *Litiji-a – Travay Trè Sint Trinité-a*

#### I. Papa-a, sous épi aboutisman litiji-a

1077 « Konpliman pou Bondié, Papa Granmèt-nou Jézu-Kri, li minm ki béni  
492 nou nan tout bénédiksyon Éspri-a nan sièl-la nan Kris-la ; sé konsa li té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt, pou nou té kapab sin, san tach dévan

fas-li nan rinmin-an ; li minm ki té destiné nou davans pou nou té vîn tounin pitit adoptif palintèmediè Jézu-Kri pou li minm, dapré bon plézi volonté-l, pou louanj gloua gras li-a, sa-l fè nou jouinn nan Pitit li-a li rinmin-an » (Ep 1, 3-6).

- 1078            Bénédiksion-an sé aksion Bondié ki bay lavi é sé Papa-a ki sous-li.  
2626            Bénédiksion-l nan sé an minm tan paròl épi kado (*bene-dictio, eu-logia*).  
Lè yo apliké paròl sa-a pou moun-nan li vlé di adorasion épi rinmèt tèt-ou bay Kréatè-a nan aksion-d-gras.
- 1079            Dépi kòmansman-an jous nan finisman tan-yo, tout sa Bondié fè sé *bénédictio*. Dépi poèm litijik prémié kréasion-an jous nan kantik Jérusalèm sièl-la, otè inspiré-yo ap anonsé projè sovè-a kòm yon bénédiksion san mézi ki sot nan Bondié.
- 1080            Dépi nan kòmansman-an, Bondié béni créatu ki vivan-yo, sitou gason-an ak fi-a. Alians avèk Noé-a épi ak tout réalité vivan-yo rénouvle bénédiksion sa-a ki poté frui, malgré péché moun-nan ki fè tè-a gin « madichon ». Min dépi apati Abraam, bénédiksion Bondié-a antré nan istoua moun-yo ki t-apral nan lanmò-a pou-l viré-l nan diréksion lavi-a, pou-l fè-l monté nan sous-li : istoua sovè nou sovè-a inogiré palintèmediè lafoua « papa moun ki kouè-yo » ki résévoua bénédiksion-an,.
- 1081            Bénédiksion Bondié-yo manifésté nan évenman ékstraòdinè-yo épi k-ap sovè moun-yo : sé konsa pou nésans Izaak, pou soti nan Éjip-la (Pak-l épi Égzòd-la), pou kado Tè promès-la, pou choua David, pou prézans Bondié nan Tanp-la, pou égzil-la k-ap purifié épi pou rétou « ti rè-s-la ». Laloua-a, Profèt-yo ak Psòm-yo ki tré sé litiji pèp yo chouazi-a, ap fè sonjé bénédiksion Bondié sa-yo épi an minm tan l-ap ba yo répons ak bénédiksion louanj épi aksion-d-gras-yo.
- 1082            Nan litiji l'Égliz-la, yo révéle bénédiksion Bondié-a anplin épi yo kominiké-l : yo rékonèt épi yo adoré Papa-a kòm sous épi aboutisman tout bénédiksion kréasion-an ak sovè-a ; nan Paròl li-a, ki inkarné pou nou, ki mouri épi résisité, li konblé nou ak bénédiksion-l yo, épi palintèmediè-l li vidé nan kè-nou kado ki gin tout kado ladan-l nan : Éspri-Sin-an.
- 1083            Lè sa-a yo konprann doub aspè litiji krétyin-an kòm répons lafoua ak  
2627            rinmin pou « bénédiksion spirituèl-yo » Papa-a fè nou gras ba nou-an. Sou yon bò, l'Égliz-la, antan-l fè youn ak Granmèt li-a épi anba aksion Éspri-Sin-an (Lc 10, 21), ap béni Papa-a « pou kado li-a yo pa kapab palé-a » (2 Co 9, 15) palintèmediè adorasion-an, louanj-la épi aksion-d-gras-la. Sou yon lòt bò minm, épi joutan projè Bondié-a rivé nan aboutisman-l, l'Égliz-la pa sispan ofri Papa-a « ofrann pròp kado-l yo » épi priyé-l pou-l  
1360            voyé Éspri-Sin-an sou ofrann sa-a, sou li-minm minm, sou fidèl-yo épi sou tout moun sou tè-a, pou, palintèmediè kominion nan lanmò ak réziréksion Kris-Prèt-la épi palintèmediè puisans Éspri-a, bénédiksion Bondié sa-yo poté frui lavi « pou louanj gloua gras li-a » (Ep 1, 6).

## II. Travay Kris-la nan litiji-a

### Kris-la ki glorifié-a...

1084 Antan-l « chita adouat Papa-a » épi antan-l vidé Éspri-Sin-an sou kò li-  
662 a ki l'Égliz-la, Kris-la déjà ap aji palintèmediè sakréman li kité yo pou-l  
1127 kominiké lagras li-a. Sakréman-yo sé sign sansib (paròl ak aksion), ki  
kapab rivé jouinn ras moun-nan koulié-a. Yo réalizé yon fason ki éfikas  
lagras yo vlé indiké-a poutèt aksion Kris-la épi pa pouvoua Éspri-Sin-an.

1085 Nan litiji l'Égliz-la, sé sitou mistè Pak li-a Kris-la signifié épi réalizé.  
Nan lavi-l sou tè-a, Jézu té anonsé ak ansègnman-l nan épi avèk aksion-l  
yo li té antispé mistè Pak li-a. Lè Lè-a rivé (cf. Jn 13, 1 ; 17, 1), li té viv  
événman istoua-a ki san parèy-la épi ki pap janm pasé-a : Jézu té mouri,  
antéré, résisité sot nan pami mò-yo épi chita adouat Papa-a « yon foua pou  
tout » (Rm 6, 10 ; He 7, 27 ; 9, 12). Sé yon événman réyèl, ki rivé nan  
istoua nou-an, min ki san parèy : tout lòt événman istoua-a rivé yon sèl  
foua épi apré sa yo pasé, tan pasé-a anglouti yo. Okontrè, mistè Pak Kris-  
519 la pa kapab rété sèlman nan pasé-a, poutèt li-minm palintèmediè lanmò li-  
a li détrui lanmò-a épi tout sa Kris-la yé, épi tout sa li té fè pou moun-yo  
1165 épi tout sa li té soufri, yo patispé nan égzistans pou tout tan Bondié-a épi  
konsa yo dépasé tout tan épi yo toujou prézan. Événman koua-a ak  
Réziréksion-an *kontinué prézan* épi rédi tout bagay vîn nan lavi-a.

### ... dépi l'Égliz Apot-yo ...

1086 « Minm jan Papa-a té voyé Kris-la, sé konsa li-minm li voyé Apot-yo  
858 ki ranpli ak Éspri-Sin-an, non sèlman pou, antan yo préché l'Évanjil-la  
bay tout kréatu, yo anonsé Pitit Bondié-a libéré nou anba pouvoua Satan  
ak anba lanmò, gras a lanmò épi Réziréksion li-an, épi li transféré nou nan  
péyi-roua Papa li-a, min plis toujou, pou travay sovè-a yo t-ap anonsé-a,  
yo réalizé-l (déplouayé fòs-li) gras a Sakrifis-la ak Sakréman-yo; sé sou sa  
tout lavi litijik-la konsantré » (SC 6).

1087 Konsa, Kris-la ki résisité-a, antan-l bay Apot-yo Éspri-Sin-an, li rinmèt  
yo pouvoua sanktifikasion li-a (cf. Jn 20, 21-23) : yo-minm yo vîn tounin  
sign sakramantèl Kris-la. Palintèmediè puisans minm Éspri-Sin-an, yo  
rinmèt pouvoua sa-a bay siksésè yo-a. « Siksésion apostolik » sa-a sé  
861 strikti tout lavi litijik l'Égliz-la : li-minm li sakramantèl tou, yo transmèt li  
1536 palintèmediè sakréman Òrd-la.

### ... li prézan nan litiji sou tè-a ...

1088 « Pou travay sa-a ki vrèman si gran rivé fèt, Kris-la toujou prézan nan  
776 l'Égliz li-a, sitou nan aksion litijik-yo. Li la prézan nan Sakrifis Mès-la lè,  
669 sou yon bò, nan minis-la “sé li-minm k-ap ofri pròp tèt-li kounié-a nan  
ministè prèt-yo, sa li-minm li té ofri lontan sou koua-a”, sou yon lòt bò li  
prézan nan pi ro degré anba espès ékaristik-yo. Li la prézan gras a pròp

1373 fòs-li nan Sakréman-yo, sé sa-k fè lè yon moun ap fè batèm, sé Kris-la li-minm k-ap fè batèm-nan. Li la prézan nan paròl li-a, paské sé li minm k-ap palé pandan y-ap li Sint-Ékritu-yo nan l'Égliz-la. Li la prézan anfin, lè l'Égliz-la ap sipliyé épi chanté psòm-yo; sé li minm ki té promèt: “Koté dé ou toua rasanblé réyèlman o non mouin, mouin la nan mitan yo” (Mt 18, 2) » (SC 7).

1089 « Pou yon si gran travay, koté yo bay Bondié gloua tout bon vré san limit épi moun-yo vîn sanktifié, Kris-la toujou asosié l'Égliz-la, épouz-la 796 li si tèlman rinmin-an, k-ap relé li Granmèt épi gras a Kris-la k-ap réalizé sèvis li doué Papa-a ki la dépi anvan tout tan-an » (SC 7).

### ... k-ap patisipé nan litiji sièl-la

1090 « Nan Litiji sou tè-a, nou patisipé nan yon avangou litiji sièl-la sa y-ap 1137-1139 sélébré nan vil sin-an, Jérusalèm-nan, koté n-ap vouayajé pou nou rivé-a, sé la Kris-la chita adouat Bondié, minis sin-yo ak vrè tant-la ; ansanm ak tout sòlda lamé sièl-la, n-ap chanté imn gloua Granmèt-la ; antan n-ap vénéré mémoua sin-yo, nou espéré jouinn yon patisipasion ansanm avèk yo ; n-ap tann Sovè nou-an, Granmèt-nou Jézu-Kri, joutan li-minm ki lavi-nou, l-ap parèt épi nou minm n-a parèt avèk li nan gloua-a » (SC 8 ; cf. LG 50).

### III. Éspri-Sin-an épi l'Égliz-la nan litiji-a

1091 Nan litiji-a Éspri-Sin-an sé édikaté lafoua pèp Bondié-a, sé li k-ap fè 798 « pi gran travay Bondié-yo » ki sakréman Nouvo Téstaman-an. Sa Éspri-a souété épi sa l-ap fè nan kè l'Égliz-la sé pou nou viv lavi Kris-la ki résisité-a. Lè li jouinn nan nou répons lafoua li-minm li révèyé-a, gin yon véritab kolaborasion ki fèt. Poutèt sa litiji-a tounin aksion komin Éspri-Sin-an ansanm ak l'Égliz-an.

1092 Nan distribision sakramantèl mistè Kris-la, Éspri-Sin-an aji minm jan 737 ak nan lòt tan Distribision òganizasion sovè-a (Économie du salut) : li préparé l'Égliz-la pou-l rankontré Granmèt li-a ; li fè sonjé épi li manifésté Kris-la bay lafoua asanblé-a ; li fè mistè Kris-la prézan épi li réalizé-l an akt palintèmediè pouvoua transfòmasyon-l nan ; anfin Éspri kominion-an fè lavi l'Égliz-la fè youn ak mision Kris-la.

### Éspri-Sin-an préparé pou yo résévoua Kris-la

1093 Éspri-Sin-an akonpli nan Distribision òganizasion sakramantèl-la 762 (Économie sacramentelle) sa-k té préfigiré nan *Ansyin Alians-la*. Poutèt l'Égliz Kris-la té « préparé yon fason ékstraòdinè nan istoua pèp Israël-la ak Ansyin Alians-la » (LG 2), litiji l'Égliz-la, konsèvé tankou yon pati intégran épi iranplasab, kèk éléman kult Ansyin Alians-la, antan-l fè yo tounin afè pa-l :

- 121 – prinsipalman léktu Ansyin Téstaman-an ;  
 2585 – priyè Psòm-yo ;  
 1081 – épi sitou fè sonjé évenman ki fè moun-yo sovè-yo ak réalité ki gin inpòtans ki jouinn akonplisman yo nan mistè Kris-la (Promès-la épi Alians-la, Égzòd-la épi Pak-la, Rouayòm-nan épi Tanp-la, Égzil-la épi Rétou-a).
- 1094 Sé sou armoni sa-a ant toulédé Téstaman-yo (cf. DV 14-16) katéchèz  
 128-130 Pak Granmèt-la òganizé (cf. Lc 24, 13-49), apré sa pa Apot-yo ak Pèr l'Égliz-yo. Katéchèz sa-a dékouvri sa-k té rété kaché anba lèt Ansyin Téstaman-an : mistè Kris-la. Yo rélé-l [katéchèz] « tipolojik » paské li révéle nouvoté Kris-la apati « figi » (*types*) ki té anonsé-l nan évenman, paròl ak sinbòl premié Alians-la. Palintèmediè nouvo léktu sa-a apati Kris-la nan Éspri vérité-a, sa-k té préfigiré-yo dévoualé (cf. 2 Co 3, 14-16). Konsa délij-la épi Arch Noé-a té préfigiré sovè-a palintèmediè Batèm-nan (cf. 1 P 3, 21), minm jan-an tou nuaj-la épi pasaj lanmè Rouja, épitou dlo ki sot nan ròch-la té préfigiré kado spirituèl Kris-la (cf. 1 Co 10, 1-6) ; lamàn-nan nan dézè-a té préfigiré Ékaristi-a, « pin ki sot nan sièl-la, véritab-la » (Jn 6, 32).
- 1095 Sé poutèt sa, l'Égliz-la, sitou nan tan Avan, Karèm épi spésialman nan  
 281 nuit Pak-la, tounin li épi réviv tout gran évenman istoua sovè-a nan « jodi-a » litiji li-a. Min sa mandé tou pou katéchèz-la édé fidèl-yo pou yo ouvri nan konpréansion « spirituèl » Distribision òganizasyon sovè-a (Économie du salut) jan litiji l'Égliz-la manifésté-l la épi fè nou viv li-a.  
 117
- 1096 *Litiji juif-la épi litiji krétyin-an.* Konnin lafoua ak lavi rélijion pèp Juif-la pi byin, jan jous jodi-a yo éksprimé nan sa yo kouè épi nan jan yo viv yo-a, kapab édé konprann pi byin kèk aspè nan litiji krétyin-an. Pou Juif-yo ak pou krétyin-yo, Sint-Ékritu-a sé yon pati ésansièl nan litiji yo-a : pou proklamasyon Paròl Bondié-a, pou bay Paròl sa-a yon répons, ak priyè louanj épi intèsésion pou sa-k vivan ak sa-k mouri-yo, pou rélé mizériköd divîn-nan. Litiji Paròl-la, nan jan-l òganizé-a, li jouinn orijîn-li nan litiji Juif-la. Priyè Lè-yo épi lòt tèks-yo ak fòmülè litijik-yo yo gin paralèl yo la, minm jan tou ak fòmül priyè nou-yo ki pi vénérab-yo tankou « Papanou »-an. Minm priyè ékaristik-yo inspiré nan modèl tradision Juif-la. Rélasion ant litiji Juif-la épi litiji krétyin-an, min tou diférans ki gin nan sa-k anndan yo, parèt yon fason spésialman vizib nan gran fèt ané litijik-la, tankou nan Pak-la. Krétyin-yo ak Juif-yo sélébré Pak-la : Pak istoua-a ki an tansion nan diréksion sa-k gin pou vini-an lakay Juif-yo ; Pak ki akonpli nan lanmò ak réziréksion Kris-la pou krétyin-yo, minm si-l toujou ap tann akonplisman définitif-la.  
 1174  
 1352  
 841
- 1097 Nan *litiji Nouvo Alians-la*, tout aksion litijik, spésialman sélébrasyon Ékaristi-a épi sakréman-yo, sé yon rankont ant Kris-la ak l'Égliz-la. Asanblé litijik-la vîn fè youn apati « kominion Éspri-Sin-an » ki rasanblé pitit Bondié-yo nan yon sèl kò Kris-la. Li dépasé rapò ki gin ant moun poutèt ras, kilti épi vi sosyal.

1098 Asanblé-a doué *préparé* pou-l rankontré Granmèt li-a, pou-l yon pèp ki  
 1430 byin dispozé (cf. Lc 1, 17). Préparasion kè sa-a sé travay Éspri-Sin-an  
 ansanm ak asanblé-a, sitou minis li-yo. Lagras Éspri-Sin-an ap chèche  
 révéyé lafoua-a, konvèsion kè-a épi rété kolé nan volonté Papa-a.  
 Dispozision sa-yo doué la anvan pou yo kapab résévoua lòt lagras-yo  
 sélébrasion-an li-minm ofri-a épi pou frui nouvo lavi sélébrasion-an  
 déstiné pou-l produi apré sa.

### Éspri-Sin-an ap raplé mistè Kris-la

1099 Éspri-Sin-an ak l'Égliz-la travay ansanm pou manifésté Kris-la épi  
 91 travay sové li-a nan litiji-a. Sitou nan Ékaristi-a épi yon fason analogik nan  
 lòt sakréman-yo, litiji-a sé *Mémorial* mistè sové-a. Éspri-Sin-an sé  
 mémoua vivan l'Égliz-la (cf. Jn 14, 26).

1100 *Paròl Bondié-a*. Éspri-Sin-an fè asanblé litijik-la sonjé sans évenman  
 1134 sové-a, antan-l bay Paròl Bondié-a yo anonsé-a lavi, pou yo kapab  
 résévoua-l épi viv li :

103, 131 « Nan sélébrasion Litiji-a, Sint-Ékritu-yo gin yon inpòtans ki gran anpil. Sé  
 nan yo réyèlman yo li léktu-yo, sé yo oméli-a ékspliké, yo chanté psòm-yo,  
 épi priyè-yo, orézon-yo ak chan litijik-yo soti nan inspirasion yo ak élan yo;  
 sé apati yo minm tou aksion-yo ak sign-yo jouinn signifkasion » (SC 24).

1101 Éspri-Sin-an bay moun k-ap li-yo ak sa k-ap tandé yo konpréansion  
 117 sipirituèl Paròl Bondié-a, dapré dispozision kè yo. Palintèmediè paròl-yo,  
 aksion-yo épi sinbòl-yo ki fòmé fil kondiktè sélébrasion-an, li mété fidèl-  
 yo ak minis-yo nan yon rélasyon vivan ak Kris-la, Paròl épi Pòtré Papa-a,  
 pou yo kapab fè pasé nan lavi yo signifkasion réalité-yo y-ap tandé, y-ap  
 kontanplé, y-ap fè nan sélébrasion-an.

1102 « Ak Paròl [...] k-ap sové-a [...] lafoua-a nourri nan kè fidèl-yo, sé ak  
 li asanblé fidèl-yo kòmansé épi sé li ki fè-l grandi » (PO 4). Anons Paròl  
 143 Bondié-a pa chita sèlman nan kèk ansègnman : li mandé *yon répons*  
*lafoua*, kòm konsantman épi angajman, nan diréksion Alians ant Bondié  
 ak pèp li-a. Éspri-Sin-an tou bay lagras lafoua-a, li ba-l fòs épi li fè-l  
 grandi nan kominoté-a. Asanblé litijik-la sé toudabò yon kominion nan  
 lafoua.

1103 *Anamnèz-la*. Sélébrasion litijik-la toujou an rapò ak intèvansion  
 1362 Bondié nan istoua-a pou sové nou-an. « Dispozision òganizasion  
 révélation-an (Économie de la révélation) fèt apati évenman ak paròl ki an  
 rélasyon youn ak lòt sou paranndan, yon fason pou [...] paròl-yo [...]  
 proklamé sa-k fèt-yo épi kléré mistè ki ladan yo-a » (DV 2). Nan litiji  
 paròl-la, Éspri-Sin-an « raplé » asanblé-a tout sa Kris-la té fè pou nou.  
 Dapré natu aksion litijik-yo épi rituèl tradision Égliz-yo, sélébrasion-an  
 « fè sonjé » mèvèy Bondié-yo nan yon Anamnèz ki plizoumouin dévloé.  
 Éspri-Sin-an, k-ap révéyé mémoua l'Égliz-la konsa, pousé tou nan aksion-  
 d-gras-la ak louanj-la (*doxologia*).

### Éspri-Sin-an fè mistè Kris-la vîn aktuèlman prézan

- 1104 Litiji krétyin-an sé pa sèlman yon rapèl évenman ki té sovè nou-yo,  
 min li fè yo vîn prézan aktuèlman. Mistè Pak Kris-la yo sélébré-l, yo pa  
 1085 répété-l ; sé sélébrasion-yo ki répété ; nan yo chak Éspri-Sin-an vîn vidé  
 pou-l fè yon sèl mistè-a vîn aktualizé.
- 1105 *Épiklèz-la* (« invokasion-anlè-a ») sé intèsésion koté prèt-la sipliyé  
 1153 Papa-a pou-l voyé Éspri Sanktifikatè-a pou ofrann-yo tounin kò ak san  
 Kris-la épi pou fidèl-yo k-ap résévoua yo-a tounin yo-minm tou yon  
 ofrann vivan pou Bondié.
- 1106 Ansanm avèk Anamnèz-la, Épiklèz-la nan kè chak sélébrasion  
 sakramantèl, yon fason pi patikilié nan Ékaristi-a :
- 1375 « Ou mandé kijan pin-an fè tounin kò Kris-la, épi divin-an [...] san Kris-la ?  
 Mouin minm m-ap di-ou Éspri-Sin-an vini épi li fè sa-k dépasé tout sa-n ka  
 di ak tout sa-n ka pansé. [...] Sa sifi pou ou tandé, sé palintèmediè Éspri-Sin-  
 an sa fèt ; minm jan apati sint Manman Bondié-a palintèmediè Éspri-Sin-an  
 Granmèt-la té pran chè-a pou li-minm épi nan li-minm » (S. Jean  
 Damascène, f. o. 4, 13 : PG 94, 1142A).
- 1107 Puisans Éspri-Sin-an k-ap transfòmé nan litiji-a ap fè Avènman  
 2816 Rouayòm-nan rivé pi vit épi achèvmman mistè sovè-a. Nan tann-nan épi  
 nan espérans-la li fè nou antisipé réyèlman kominion anplin ak Trè Sint  
 Trinité-a. Antan-l kouté Épiklèz l'Égliz-la, Papa-a voyé Éspri-a li-minm  
 k-ap bay moun ki résévoua-l yo lavi épi déjà kounié-a sé li ki « garanti  
 éritaj » yo-a (cf. Ep 1, 14 ; 2 Co 1, 22).

### Kominion Éspri-Sin-an

- 1108 Aboutisman mision Éspri-Sin-an nan tout aksion litijik sé pou-l mété  
 788 nou nan kominion ak Kris-la pou nou fòmé kò li-a. Éspri-Sin-an sé tankou  
 lèt k-ap koulé nan pié-rézin Papa-a k-ap donnin frui nan branch li-yo (cf.  
 1091 Jn 15, 1-17 ; Ga 5, 22). Nan litiji-a, kolaborasion intim ant Éspri-Sin-an  
 ak l'Égliz-la réyalizé. Li-minm, Éspri kominion-an, toujou rété nan l'Égliz-  
 775 la épi sé poutèt sa l'Égliz-la sé gran sakréman kominion Bondié-a ki  
 rasanblé pitit Bondié-yo ki té gayé-yo. Frui Éspri-a nan litiji-a sé an minm  
 tan san séparasion yon kominion avèk Trè Sint Trinité-a épi yon kominion  
 avèk frè-yo (cf. 1 Jn 1, 3-7).
- 1109 Épiklèz-la tou sé priyé pou réyalizé kominion asanblé-a anplin nan  
 mistè Kris-la. « Gras Granmèt-nou Jézu-Kri ak rinmin Bondié-a ak  
 kominion Éspri-Sin-an » (2 Co 13, 13) doué toujou rété avèk nou pou-l fè  
 1368 nou donnin frui pi louin pasé sélébrasion ékaristik-la. Sé poutèt sa l'Égliz-  
 la priyé Papa-a pou-l voyé Éspri-Sin-an k-ap fè lavi fidèl-yo tounin yon  
 ofrann vivan pou Bondié palintèmediè transfòmasyon spirituèl-la dapré  
 pòtré Kris-la, okipasion pran souin pou l'Égliz-la fè youn épi patisipasion  
 nan mision-l nan palintèmediè témouagnaj-la épi sèvis charité-a.

**RÉZIMÉ**

- 1110 *Nan litiji l'Égliz-la, yo béni épi yo adoré Bondié Papa-a kòm sous tout bénédiksion kréasion-an ak sové-a, sa-l béni nou avèk yo-a nan Pitit li-a, antan-l ba nou Éspri adopsion kòm pitit-la.*
- 1111 *Sa Kris-la fè nan litiji-a li sakramantèl paské li fè mistè sové li sové nou-an vîn prézan pa pouvoua Éspri-Sin-l nan ; paské kò li-a ki l'Égliz-la, sé tankou sakréman (sign épi instriman) pou Éspri-Sin-an kapab distribué mistè sové-a ; paské l'Égliz-la ki an pèlerinaj-la, l-ap patisipé nan litiji sièl-la palintèmediè aksion litijik li-yo, antan-l déjà gin yon avangou.*
- 1112 *Mision Éspri-Sin-an nan litiji l'Égliz-la sé préparé asanblé-a pou-l rankontré ak Kris-la ; raplé épi rann Kris-la prézan pou lafoua asanblé-a ; palintèmediè pouvoua transfòmasyon-l nan rann travay sové Kris-la prézan épi aktuèl épitou fè kado kominion-an donnin frui nan l'Égliz-la.*

[◀Atik  
anvan-an](#)

[Gid jénéral-la](#)

[Atik▶  
après-a](#)